

Yon Liv Pou Fanmsaj

Moun ki ekri liv sa a se
Susan Klein
Suellen Miller
Sandy Nieman

Livrè sa a se sèlman yon chapit nan liv ki rele *Yon Liv Pou Fanmsaj*.
N'ap travay byen rapid pou nou fè tradiksyon tout rès la nan lang
kreyòl nou an.

Chapit 8

Egzaminen fanm ansent

Nan chapit sa a

Pale avèk manman an.....	109
Obsève tout kondisyon sante fanm ansent la	110
Mande si li gen kè plen oswa si li vomi	110
Mande si li santi feblès	111
Mande si gen san k'ap soti nan bouboun li.	112
Mande si li gen doulè dwòl nan vant, nan do, oswa nan janm li.	113
Mande si li gen pwoblèm pou pran souf.	114
Cache wè si li fè dyabèt/maladi sik.	115
Egzaminen kò manman an	116
Cache wè si li fè anemi	116
Cache wè si li manke nitrisyon oswa si kò li manke yòd.	117
Pran pwa manman an.	118
Kontwòl tanperati kò manman an.	119
Kontwòl batman kè manman an.	120
Pran tansyon manman an.	122
Cache wè si li gen eklanmsi (anpwazonman gwosès).	125
Cache wè si li gen enfeksyon nan vesi oswa nan ren.	128
Egzaminen pitit la	130
Pran mezi vant manman an.	130
Jwenn pozisyon pitit la.	135
Aprè w fin egzaminen l.....	144
Fè randevou pou pwochenn vizit anvan akouchman an.	144
Dosye sante fanm ansent.....	145

Chapit 8

Egzaminen fanm ansent

Lè w'ap egzaminen fanm ansent la, gen 3 bagay pou w fè: pale avèk manman an, egzaminen kò manman an, epi egzaminen pitit la. Eseye ekri sou papye tout sa w aprann sou manman an ak pitit pandan vizit la.

Pou chak pati nan konsiltasyon an, se pou w ekri ni bon siy ni move siy. Si w remake yon bagay ki pa bon, se pou w fè tout sa w sipoze fè. Petèt w ka ede manman an w menm, osinon li ka bezwen lòt asistans medical. Gen de lè, nou ta prefere w chache konsèy medikal. Sa vle di w'ap bezwen pale avèk yon doktè oswa avèk yon ajann sante ki kalifye ki pou ede w konnen si se yon ka dijans, osinon eske fanm nan anfòm.

Si pa gen doktè ki ka ba w konsèy, w dwe voye fanm nan nan yon sant sante kote yo ka ede-l.

Antansyon! Men siy ki pi enpòtan pou nou chache lè n'ap egzaminen yon fanm ansent:

1. San k'ap soti nan bouboun (wè paj 112)
2. Gwo doulè nan vant (wè paj 113)
3. Bon jan lafyèb cho (wè paj 120)
4. Maladi tansyon, tèt fè mal, tèt vire, pwoblèm nan je (wè paj 125)

Ckak lè w egzaminen manman an, ankouraje l pou li ale kay doktè si li ta gen nenpòt nan siy sa yo.

Pale avèk manman an

Kòmanse egzaminen manman an pandan w'ap pale avèk li. Mande li kouman li santi li, epi kouman gwosès la ye. Chache konnen si li genyen bagay ki ba l pwoblèm, oswa si li gen kesyon.

Obsève tout kondisyon sante fanm ansent la

BON SIY. - Gade si manman an sanble li an bòn sante epi si kè li kontan.

MOVE SIY. - Gade si manman an sanble li pa an bòn sante epi si kè li pa kontan. Pandan w'ap pale ak manman an, chache konnen tout sa w kabab sou kondisyon sante li.

Pa egzanp:

- Eske li gen ase enèji, osinon eske li fatigue oswa malad?
- Eske li ka fè mouvman san pwoblèm, osinon eske kò li rès oswa li mache Dousman?
- Eske li sanble li ka panse ak pale san pwoblèm, osinon eske lespri li bouye?
- Eske po kò li nòm, osinon eske li gen maleng ak gratèl?
- Eske li sanble kè li kontan, osinon eske li tris?

Si manman an sanble li pa nan bon kondisyon sante, ba li plis swenyay, menm si w pa konnen ki pwoblèm li genyen. Si w remake li gen yon bagay ki pa mache byen, se pou w pran sa oserye. Fè li sonje ke, si li santi l'ap vin pi mal, li dwe fè w konnen tout swit. Nan ka sa a, li ka bezwen ale kay doktè.

Mande si li gen kè plen oswa si li vomi

BON SIY. - Manman an pa gen kè plen epi li pa vomi, oswa li gen ti kè plen nan premye 3 a 4 mwa gwosès la.

MOVE SIY. -

- Manman an vomi anpil; menm lè li bwè dlo li vomi l jete.
- Manman an pipi tou piti, oswa li pa ka piti, ou byen pipi li soti tou nwa.
- Manman an ranmase 1 kilo (2 liv) nan yon mwa apre 3 premye mwa yo.

Gen anpil fi ki gen kè plen nan premye 3 a 4 mwa lè yo fin ansent. Pa vrèman gen danje nan sa. Sepandan, si fanm ansent la ap vomi anpil, si li santi-l twò malad pou-l manje, oswa si li pa ka menm kenbe dlo nan lestomak li, l'ap gen pwoblèm. Li menm ak ti bebe ki nan vant li ya ka fè nalnitrisyon. Petèt kè plen an vle di ke gen yon lòt bagay ki pa mache.

Si kè plen an pa twò rès nan kòmansman gwosès la, gade nan paj 73 pou w ka jwenn kèk remèd pou w bay manman an. Si remèd sa yo pa fè okenn efè, oswa si vomi an kontinye rès anpil, voye li kay doktè. Gen remèd ki ka ede kalme lestomak la pou li ka manje.

Si manman an gen dyare (kakarèl) oswa lòt siy maladi ansanm ak vomisman, fè li ale ka doktè. Yo dwe egzaminen li pou wè si li fè enfeksyon, malarya, ilsè destomak, ak parazit (tankou vèmin ak lòt tibèt ki konn kache andedan trip moun).

Si manman an gen parazit ki pap bali gwo pwoblèm, li mèt rete tann li fin akouche anvan li pran remèd. Gen kèk remèd ki bon pou parazit, men an menm tan ki pa bon pou sante ti bebe a, sitou nan 3 premye mwa gwosès la. Si parazit yo bay gwo maladi epi si kò fanm nan pa ka pran gwoès nòmaltèman, oswa si li sanble li gen lòt maladi, fè li chache chemen doktè.

Si likid pa ka rete nan vant manman an epi si li pa ka pipi, fè li wè doktè san pèdi tan. Li ka gen tan dezidrate (kò sèch). Maladi kò sèch se yon gwo pwoblèm. L'ap bezwen sewòm (likid yo bay nan venn) ak remèd. Si w konnen ki jan pou w bay sewòm, Kòmanse ba li sewòm nan pandan w sou wout ap mennen-l kay doktè.

Si gen lòt moun nan kominote a ki gen menm pwoblèm kè plen sa a, vomisman, oswa dyare, kapab byen se yon pwoblèm ki nan dlo moun ap bwè nan zòn nan. Nan ka sa a, li pa nesèsè pou fanm ansent la pran remèd pou parazit paske l'ap tounen pran menm parazit sa yo ankò nan move dlo l'ap bwè a. Si dlo a pa bon pou bwè, fanm ansent la dwe bwè li sèlman lè li fin bouyi-l oswa lè li fin fè manje ak li. Li liv yo rele **Kote Fanm Pa Gen Doktè** pou w ka wè kouman w ka pirifye dlo a byen fasil.

Mande si li santi feblès

Bon Siy. - Manman an gen anpil enèji.

Move Siy. - Manman an santi feblès oswa li fatigue tout tan, sitou apre katryèm mwa gwosès la.

Se toutafè nòmral pou yon fanm ansent anvi dòmi tout tan pandan 3 premye mwa yo ak nan dènye 4 a 5 semenn gwosès la. Men pandan tout lòt lè gwosès la, li ta dwe genyen anpil enèji.

Si yon fanm ansent santi li fèb oswa fatigue pou lontan, li ka byen gen youn oswa kèk nan pwoblèm nou pral di la yo:

- Malnitrisyon (li paj 33 rive nan 42)
- Anemi (li paj 116)
- Twòp travay
- Maladi

Ede l chache konnen ki sa ki ba l feblès la. Yon fanm ansent ki soufri ak feblès gen plis chans pou li gen pwoblèm lè li gen tranche ak lè l'ap akouche. Epi tou, ti bebe a gen plis chans pou li malad.

Mande si gen san kap soti nan bouboun li

Bon Siy.-

- Pa gen san
- Gen ti tras san tou piti ki dire kèk jou pandan premye mwa yo, men pa gen lakranp.
- Ti san tou woz oswa glè kap soti 2 zou 3 jou anvan tranche a koumanse. Glè sa a rele plòg.

Move Siy:

- San ap soti - menm yon fwa pa mwa nenpòt ki lè pandan gwosès la.
- San ak doulè - nenpòt kilè pandan gwosès la.
- San ki pa gen doulè nan dezyèm mwatye nèf mwa gwosès la (manmanvant la desann twò ba)

San ak lakranp nan premye 6 mwa yo

Si manman an ap senyen epi li gen lakranp, li ka byen pral fè yon foskouch. Si san an vini tou piti *piti*, danje a pa twò grav.

Chache laswenyay kay doktè si:

- san an vini prèske chak mwa epi san an vini anpil.
- manman an gen plis ke 3 mwa ansent.
- manman an gen lafyèb.
- bouboun li gen move sant e li ap fè l mal.

Li Chapit 22, paj 400, pou wè kouman w ka ede yon fanm ki fin fè yon foskouch.

Manmanvant twò ba

San ki pa vini ak doulè, sitou nan dezyèm mwatye 9 mwa gwosès la, ka vle di ke manmanvant la kouvri(oswa prèske fin kouvri) bouch matris la olye pou li ta rete nan plas li ki se tou pre tèt matris la. Lè sa a, manmanvant la twò ba. Lè bouch matris la kòmanse louvri nan fen gwosès la, sou kote matris la pa gen pwoteksyon. Se tankou yon blese ki tou frèch. San manman an pase nan manmanvant epi li vin soti nan bouboun li. Sa a se yon gwo danje. Manman an ak tout pitit la ka mouri.

Piga w janm fè egzamen andedan bouboun yon fanm ki gen pwoblèm sa a paske manmanvant la twò ba. Egzaminen l pou lòt bagay tankou tansyon ak lafyèb, epi mennen l ka doktè tou swit!

Mande si li gen doulè dwòl nan vant, nan do, oswa nan janm

BON SIY. - Pa gen doulè ni nan vant, ni nan do, ni nan janm. Pa gen kò grate oswa lòt doulè ki danjere, men gen lòt malèz tankou:

- Doulè dous oswa lakranmp ki vini yon lè konsa sou anwo vant la, tout deyò vant la, oswa andedan vant la (se sa yo rele kontraksyon, wè paj 150).
- Doulè sibat byen pike sou kote anba ti vant la. Doulè sa a dire kèk minit epi li pase (wè paj 79).
- Yon doulè nan senti ki kalme apre yon ti repo, yon masaj, oswa egzèsis.
- Yon doulè byen pike nan dèyè, ki desann nan janm yo, men ki kalme apre yon ti repo.

MOVE SIY. - Si manman an genyen youn nan doulè sa yo, se kapab youn pwoblèm

serye:

- Lè lakranp oswa kolik nan 3 premye mwa yo kontinye ap fè pi mal, sa ka vle di se kòmansman yon foskouch (wè paj 91).
- Yon doulè ki rete nan yon janm e ki pa janm pase, sa ka vle di gen san kaye nan janm nan (wè paj 273).
- Doulè san rete anba ti vant epi ki vire sou kote pou ale nan do a, oswa doulè nan do ki pa ka kalme menm apre repo, masaj, oswa egzèsis. Se kapab yon enfeksyon nan vesi oswa nan ren ki fè sa, sitou si manman an gen lafyèv (wè paj 128).
- Nenpòt doulè nan vant ka vle di genyen youn enfeksyon nan matris la (wè paj 179).
- Doulè nan vant ki pa janm pase nan fen gwosès la ka vle di manman vant la ap dekole andedan matris la (wè paj 114).
- Doulè rès ki la tou tan nan vant la oswa sou kote vant la nan premye 3 mwa yo – sa ka vle pitit la ap grandi deyò matris la.

Doulè san rete nan kòmansman gwosès la (gwosès deyò matris)

Doulè nan vant pandan 3 premye mwa gwosès la ka vle di ke pitit la al rete yon move kote.

Odinèman, pitit la grandi nan matris la, ki se plas pa l la menm. Men yon lè konsa, li ka kòmansse grandi nan tib ki konekte ovè a ak matris la. Yo rele sa yon gwosès nan tib oswa gwosès deyò matris. Gwosès deyò matris se yon gwo danje.

Premyeman, tib la detire. Men plis pitit la ap grandi, manman an ka santi yon ti boul kap fè l mal sou kote l. Apre sa, kèk tan anvan li gen 3 mwa ansent, tib la pete epi li kòmansse senyen. Le pli souvan, san sa a rete andedan kote pèsonn pa ka wè li, men li ka touye manman an. Si w remake pitit l'ap grandi andeyò

matris la, mennen fanm nan lopital san pèdi tan! Egzaminen l pou lòt bagay tankou tansyon ak lafyèb (wè paj 239).

Doulè ak san tout tan nan dènye lè gwosès la (matris dekole)

Doulè nan vant pandan kèk mwa anvan akouchman an ka vle fè konnen ke manman vant la dekole ak matris la. Yo rele sa manman vant dekole (wè paj 184). Lè sa a, fanm nan ka gen anpil san kap koule andedan l. Lè yon matris chaje ak san, li vini yon jan di. Se yon bagay ki danje anpil – ni manman an ni pitit la ka mouri. Voye l lopital san pèdi tan. Egzaminen l pou lòt bagay tankou tansyon ak lafyèb (wè paj 239).

Atansyon: Yon fanm ansent ka genyen yon doulè nan vant san sa pa gen okenn rapò ak gwosès la. Doulè a ka soti nan maladi ki rele apenndisit (enfeksyon nan yo pati nan trip yo ak la fyèv, doulè sou bò kote dwat vant la, oswa li pa gen apeti), parazit (kè plen oswa dyare), oswa ilsè nan lestomak (pafwa vomi, pou pou nwa ki mal pou soti). Si w remake manman an gen youn nan pwoblèm sa yo, fè li ale wè doktè.

Si manman an kontinye pa ka pran souf byen, menm si se yon sèl fwa pwoblèm sa a te pi grav, oswa si w remake li gen maladi nou soti di la a yo, fè li ale ka doktè.

Mande si li gen pwoblèm pou pran souf

Ti pwoblèm pou pran souf se yon bagay ki nòmal, sitou lè jou akouchman an prèske rive.

Si li prèske paka pran souf ditou, sa a se yon move siy, sitou si l gen siy lòt maladi.

Gen anpil fanm ki gen ti pwoblèm pou yo pran souf lè yo gen 8 a 9 mwa ansent. Se paske lè pitit la kòmanse grandi, li peze poumon yo epi sa vin fè ke gen mwens espas pou respire. Li ka vin pi fasil pou l pran souf lè pitit la glise desann pi ba nan vant la tou swit anvan tranche a kòmanse.

Men lòt bagay ki ka bay pwoblèm pou respire:

- Alèji
- Anemi (wè paj 116)
- Pwoblèm kè
- Tibèkiloz (tebe)
- Opresyon
- Enfeksyon nan poumon
- San kaye nan poumon (wè paj 273)

Si se toutan manman an gen pwoblèm pou pran souf, menm si se yon sèl fwa li te genyen yon gwo problem konsa, oswa si w remake li genyen nenpòt nan pwoblèm sa yo nou soti repete la a, fè li ale ka doktè.

Chache wè si li fè dyabèt/maladi sik

Si yon fanm gen kèk nan siy sa yo, petèt li fè dyabèt. Fanm ki fè dyabèt pa oblije gen tout siy sa yo. Sepandan, plis siy fanm nan bay, gen plis chans pou se dyabèt li fè:

- Li te fè dyabèt lè li te ansent lòt pitit
- Youn nan premye pitit li yo te fèt twò gwo (plis ke 4 kilo oswa 9 liv); oswa li gen pitit ki te fèt tou malad, oswa ki te mouri nan akouchman san moun pa konnen pou ki sa
- Li twò gra
- Li swaf toutan
- Li gen enfeksyon chanpiyon toutan
- Lè li blese, sa pran tan pou li geri
- Li fè pipi pi souvan ke lòt fanm ansent
- Matris li twò gwo pou kantite mwa li genyen depi li ansent la.

Lè yon fanm fè dyabèt, kò li pa ka dijere kantite sik li gen nan san l. Li ka al fè youn egzamen san pou wè si li fè dyabèt. Mande depatman sante oswa dispansè nan zòn nan si yo ka fè egzamen an pou li. Pi bon lè pou fè egzamen sa a se apre 6 mwa (24 semèn) gwosès.

Men kouman w ka fè egzamen dyabèt byen fasil

Mande fanm nan pou li pipi nan youn bokal oswa nan youn gode. Kite bokal/gode a deyò. Si fomi moute nan pipi a, petèt gen sik ladan l – gen chans pou fanm nan fè dyabèt.

Kouman pou ede yon fanm ki fè dyabèt

Dyabèt ka fè yon fanm ansent malad anpil epi li ka fè akouchman an gen gwo pwoblèm. Pitit la ka twò gwo, fèt tou domaje, oswa li ka vin malad anpil epi li mouri apre li fin fèt.

Le pli souvan dyabèt nan gwosès ka vin amelyore si fanm nan manje bagay ki bon pou li epi si li fè egzèsis. Gen de lè fòk se remèd li pran pou pwoblèm nan pa vin pi grav.

Si w remake yon fanm fè dyabèt, li dwe ale lopital toutswit. Li dwe fè tout sa li kapab pou li ale fè pitit la nan yon lopital. Li dwe manje bagay ki bay bon sante (wè paj 33 rive nan 42), evite sirèt ak sik, manje yon ki kantite manje de tanzantan.

Si w vle konnen plis bagay sou dyabèt, li liv ki rele **Kote Ki Pa Gen Doktè** oswa li nenpòt liv ki bay tout kalite enfòmasyon sou la sante.

Egzaminen kò manman an

Chache wè si li fè anemi

BON SIY. - Li viv an bòn sante epi li gen anpil enèji

MOVE SIY. -

- Andedan po je a pal; zong yo ak jansiv yo pal tou.
- Toudisman ak dekompozisyon.
- Feblès ak fatig
- Kè a bat twò vit (100 kout pa minit)
- Pwoblèm pou respire

Yo ka fè yon egzamen san pou wè si fanm nan fè anemi.

Lè yon moun fè anemi, sa vle di li pa manje ase bagay ki gen fè la dan yo (wè paj 36). Fè a pèmèt san an pote oksijèn soti nan lè nou respire a pou ale tout kote nan kò a. Gen kè kalite anemi ki se rezilta maladi, menm lè moun nan gen ase fè. Gen kèk anemi ki soti nan fanmi (yo rele sa anemi jenetic). Ni manje ki gen fè ni medikamen ki gen fè pa ka geri anemi jenetic.

Gen anpil fanm ansent ki fè anemi, sitou fanm ki malere. Fanm ki fè anemi pa gen ase fòs pou li kenbe gwosès la epi li gen plis chans pou li senyen anpil, pou li tombe malad apre akouchman an; li ka menm mouri.

Kouman pou w trete anemi

Le pli souvan anemi kapab trete avèk manje ki gen fè (tankou pwa, yanm, ak vyann), manje ki gen vitamin C (fwi tankou zoranj, sitwon, chadèk, ak tomat), oswa avèk medikamen ki gen fè. Apre w fin fè tretman sa yo, se pou w egzaminen fanm nan ankò apre 4 semenn. Si li pa kòmanse fè mye, fè li ale lopital. Li ka byen gen kèk maladi, oswa li ka bezwen yon pi gwo dòz medikamen ki gen fè.

Tretman pou anemi avèk medikamen ki gen fè

- Bay 300 mg jiska 325 mg Silfat fere (ferrous sulfate) nan bouch, 2 fwa pa jou.

Si yon fanm fè gwo anemi nan nevyèm mwa gwosès la, li dwe fè tout sa li kapab pou li ale akouche nan yon lopital.

Chache wè si li manke nitrisyon oswa si kò li manke yòd

BON SIY. - Li viv an bòn sante epi li gen anpil enèji

MOVE SIY. -

- Pa anvi manje
- Pa pran gwosè
- Feblès ak move kondisyon sante
- Maleng, gratèl, oswa lòt maladi la po
- Maleng ak jansiv senyen
- Pwoblèm lestomak oswa dyare
- Chalè nan pye oswa pye angoudi

Siy pou moun ki manke yòd

- Gwat (gwo boul anba kou)
- Timoun kout, timoun soud, oswa timoun gaga ki pa ka aprann.

Li nan paj 38 pou nou ka wè kouman moun ka gen plis yòd nan kò yo.

Kisa pou nou fè pou moun ki manke nitrisyon

Pi bon jan pou nou anpeche oswa geri moun ki manke nitrisyon se pou nou ede moun nan manje pi byen. Chache konnen ki kalite manje manman an manje. Wè paj 33 rive nan paj 42 pou nou ka aprann kisa nou ka fè pou ede manman an manje pi byen.

Chonje: grenn vitamin ak fòtifyan ka ede fanm ansent, men yo pa pi bon pase bon jan kalite manje.

Fanm ki pa byen manje gen plis chans pou li gen pwoblèm nan akouchman, pou li fè yon ti bebe ki twò piti, epi li ka gen plis pwoblèm pou li refè apre akouchman an. Si w remake yon fanm ka gen pwoblèm nan akouchman paske li pa manje byen, fè li ale lopital.

Pran pwa manman an

BON SIY. - Pezape manman an sipoze pran ant 9 a 18 kilo (20 a 40 liv) pandan gwosès la. Sa vle di youn ou de kilo (2 a 4 liv) chak mwa.

MOVE SIY:

- Manman an rete tou mens osinon li pran mwens ke 9 kilo (20 liv) pandan gwosès la.
- Manman an pran plis ke 19 kilo (42 liv) pandan gwosès la.
- Manman pran anpil pwa toudenkou – plis ke 1.5 kilo (3 liv) nan yon mwa, sitou nan 2 dènye mwa gwosès la.

Pifò nan pwa manman an pran pandan gwosès la se pwa ti bebe a, manman vant la, ak sak dlo a. Manman an ranmase anpe grès tou. Sa bon pou sante l. Si w gen yon balas, pran pwa manman an nan chak vizit. Si se posib, sèvi ak menm balans la.

Ki sa pou w fè si w remake move siy

Manman an rete tou mens osinon li pa pran ase pwa

Gen fanm ki gen ti kò oswa yo mens; yo ka rete konsa pandan tout tan gwosès la.

Se yon bagay ki nòmal. Sepandan, tout fanm ansent ta sipoze pran pwa de tanzantan. Si manman an pa pran ase pwa, chache konnen pou ki sa. Poze manman an kesyon sou:

- Kisa li manje ak kouman apeti li ye (wè paj 33).
- Siy parazit (wè paj 37).
- Eske li nan dwòg (wè paj 46).
- Kè plen ak vomisman (wè paj 73).
- 4H/SIDA (wè paj 99).

Manman an twò gwo oswa li ranmase anpil pwa.

Fanm gra kon fanm mens kapab viv an bòn sante epi yo tout kapab fè bon akouchman. Sepandan, lè yon fanm ranmase anpil pwa, sa ka vle di li fè dyabèt. Si yon fanm twò gra, oswa li ranmase twòp pwa pandan gwosès la, chache wè si li gen sentòm dyabèt (Wè paj 115).

Manman an pran anpil pwa toudenkou

Si manman an pran anpil pwa toudenkou lè li prèske akouche, petèt se yon sign ke li pral fè marasa (wè paj 143), oswa li ka pral fè eklanmsi (wè paj 125).

Kontwole tanperati manman an

BON SIY.- Tanperati fanm nan apeprè 37°C (98.6°F). Kò l pa twò cho lè w manyen l.

MOVE SIY.- Fanm nan gen lafyèw lè tanperati li rive nan 38°C (100.4°F), oswa plis. Kò l cho kou di fe lè w manyen l.

Kouman pou w pran tanperati

Mete yon do men w sou fon fanm nan; mete lòt men an sou fon pa w, oswa sou fon yon lòt moun ki an bòn sante. Si fanm nan gen lafyèw, w'ap remake kò li pi cho ke kò yon moun ki an bòn sante.

Si w gen yon tèmomèt, lave li byen pwòp nan dlo ak savon oswa ak alkòl. Frape l sou ponyèt w pou l souke byen jouk tan ti mak klere ya desann anba nimewo 36 la.

Mete tèmomèt la anba lang fanm nan; fè l kenbe l ak bouch li fèmen pou 3 minit.

Retire tèmomèt la nan bouch li; vire tèmomèt la jouk w ka wè ti mak klere a. tanperati a se nimewo kote ti mak klere a rive a. W ka remake yon ti flèch nan nimewo ki "nòmàl" la.

Chak fwa w fin sèvi avèk tèmomèt la, se pou w toujou lave l avèk savon, dlo frèt, oswa avèk alkòl. Pa lave l avèk dlo cho – pou l pa kraze tèmomèt la.

Tèmomèt ki fèt an kristal gen ladan l ak yon metal likid ki rele mèki; likid sa a se yon pwazon vyolan. Se pou w pran anpil prekosyon ak tèmomèt kristal; si tèmomèt kristal la kraze, pa kite likid la touché men w. Lè w'ap ranmase l, mete moso yo nan yon bokal epi boule l. Pa janm kite timoun jwe ak tèmomèt oswa ak mèki a (likid andedan tèmomèt la). W mèt sèvi ak yon tèmomèt dijital (tèmomèt ak pil), si w ka jwenn youn.

Kontwole batman kè manman an (poul)

BON SIY. - Kè a bat 60 rive 80 fwa pa minit lè manman an pap fè mouvman.

MOVE SIY.- Pou pi piti, kè a bat 100 fwa pa minit lè manman an pap fè mouvman.

Batman an fè w konnen ak ki rapidite kè a ap bat. Batman kè tout moun pa menm. Sa pa yon pwoblèm.

Ki sa pou w fè si fanm nan gen lafyèv

Lafyèv se lakòz:

- Maladi – tankou grip ak malarya (wè paj 98).
- Yon enfeksyon ki kèk kote nan kò a – tankou enfeksyon nan vesi (wè paj 128), oswa yon enfeksyon nan matris (wè paj 179). Gen kèk ti lafyèv tou ki se lakòz kò sèch (dezidratasyon).

Chache sa ki lakòz lafyèv la; apre sa fè tretman pou li. Pandan w'ap fè tretman an, lafyèv la dwe koumanse bese touswit.

Kouman pou w egzaminen batman kè a (poul la)

1. Tann jouktan manman an fin byen pose, byen relax.
2. Mete tèt de dwèt w kote batman an ye a(kote kap fè bit bit la). Pa sèvi ak gwo pous w. W ka jwenn batman an (poul la) sou kote gòj la, anba machwè a osinon nan pati ponyèt ki anba gwo pous la.

Pou w bese lafyèv la

Bay 500 mg rive 1000 mg parasetamòl (paracetamol)nan bouch chak 4 a 6 zè de tan.

Fè li bwè yon vè dlo chak inè de tan. Si li twò malad pou li bwè dlo, ba li lavman nan two dèyè l (wè paj 342), osinon sewòm (paj 350). Si lafyèv la pa pase nan 8 tè de tan, fè li ale ka doktè.

3. Konte konbyen fwa kè a bat nan yon minit: egzaminen kò manman an:

- Si w gen yon mont, konte konbyen fwa kè manman an bat pandan yon minit. Ekri kantite a nan dosye li. (Premyeman, fè yon lòt moun kontwole lè a pou w epi pou l di w ki lè yon minit la rive. Anpil moun pa ka konte batman kè a byen epi pou yo ap kontwole lè a. Erè yo ka fè sè ke yo plis anvi kote yon batman pou chak segond ki pase, menm si kè a ap bat pi vit pase sa).
- Si w pa gen yon mont ak yon lòt moun ki pou ede w, kontwole batman kè a kanmenm. W ka aprann konnen si kè a bat twò douzman, nòmal oswa twò vit – lè w kompare l ak batman kè pa w oswa batman kè yon lòt fanm. Osinon, w ka kreye pwòp metòd pa w pou w kontwole lè a (wè paj 443).

Ki sa pou w fè si kè manman an ap bat twò vit

Si kè manman an ap bat 100 fwa oswa plis ke 100 fwa pa minit, li ka gen youn oswa kèk nan pwoblèm nou pral site la yo:

- Sou tansyon, la perèz, enkyetid, oswa dekourajman (wè paj 104 rive 274)
- Anemi (wè paj 116)
- Enfeksyon tankou malarya (wè paj 98), enfeksyon nan vesi (wè paj 128), Oswa enfeksyon nan matris (wè paj 179).
- Anpil san ap koule (wè paj 112)
- Gen tras move dwòg nan san l (pa egzanp kokayin, metanfetamin oswa grenn ki pou fè l pèdi pwa – (wè paj 46)
- Pwoblèm glann tiwoyid
- Pwoblèm kè

Si w ta remake nenpòt nan pwoblèm sa yo nou soti site la a, ale nan paj nou di yo pou w ka jwenn plis enfòmasyon. Si w pa konnen kisa ki lakòz kè a bat vit konsa, fè li ale lopital.

Atansyon: Gen moun kap fè tretman ki renmen chache lòt detay sou zafè batman kè a. Pa egzanp, nan kèk peyi sou kontinan Azi, moun kap egzaminen malad la chache wè si batman kè a fèt byen fò, oswa eske kè bat tout fèb. Nan liv sa a, nou sèlman montre kouman pou w chache ak ki vitès kè a ap bat. Menn si w'ap kontwole batman kè a pou lòt detay, se pou w tou pwofite kontwole ak ki vitès lap bat.

Pran tansyon manman an

BON SIY.- Tansyon an sipoze rete ant 90/60 ak 140/90. Li pa dwe ale pi wo pase sa pandan gwosès la.

MOVE SIY.- Tansyon wo. Tansyon manman an wo si w remake nenpòt nan kèk bagay nou pral di la a:

- Nimewo anwo a pi plis ke 140.
- Nimewo anba a pi plis ke 90.

(Tansyon ki twò ba se yon move siy tou, men sa rive sèlman lè yon moun ap senyen anpil oswa lè li fè gwo sezisman (wè paj 180).

Kè yon fanm se tankou yon ponp kap pwopaje san nan tout kò a. Lè tansyon fanm nan wo, sa vle di kè a ap fòse travay pi di pou li ka fè san an pase nan venn yo. Nimewo tansyon an montre ki kantite efò san an ap fè pou li ka sikile.

Lè yon fanm ansent gen tansyon wo, li vin pi difisil pou san li pote manje by pitit ki nan vat li a. Sa vin fè piti la ap grandi twò douzman. Pwoblèm tansyon wo kapab vin fè manman an vin gen pwoblèm nan ren, emoraji nan matris anvan akouchman, oswa emoraji nan sèvo.

Tansyon ak batman kè (poul) se pa menm bagay. Kè w ka bat twò dousman menm lè w genyen tansyon wo.

Tansyon wo ka vle di fanm nan pral gen eklanmsi (wè paj 125). Eklanmsi ka lakòz pitit la fèt anvan lè, emoraji, kriz, manman an ka menm mouri. Se sak fè li enpòtan anpil pou nou kontwole tansyon manman an.

Kouman pou w kontwole tansyon

Gen plizyè kalite aparèy pou kontwole tansyon.

Gen la dan yo ki gen yon gedj ki sanble ak yon tansyomèt.

Gen lòt ki genyen yon kadran tou won ki kouvri ak glas epi ki gen nimewo andedan l.

Le pli souvan aparèy pou pran tansyon vini ak tout yon sonn (estetoskòp – wè paj 445 pou w ka aprann ki jan pou fè pwòp sonn (estetoskòp) pa w).

Anvan w kòmanse pran tansyon manman an, w dwe di li ki sa w pral fè epi pou kisa.

1. Sere braslè tansyomèt la nan pati anwo ponyèt malad la.
2. Sere vis ki nan boul kawotchou a pou w ka fèmen vav la. Lè w fè sa, vis la ap vin parèt pi kout.
3. Chache wè ki kote poul la (batman kè a) ye ak men w: mete men w sou bra malad la, yon ti jan pi ba kote w te mete braslè tansyomèt – sou pati andedan zepòl la. Mete estetoskòp la kote w jwenn poul la (kote kè a ap bat la. Kounye ya, mete de lòt pwent estetoskòp la nan zòrèy w.
4. Ponpe boul kawotchou a pou w ka gonfle braslè tansyomèt la.
5. Toutotan w'ap ponpe, zegwi ki nan kadran klas la ap mache. Lè zegwi a rive sou nimewo 200, sispann ponpe.
6. Apre sa, desere vis la yon ti kras pou lè ki nan boul kawotchou a ka soti tou dousman.
7. Lè sa a, zegwi a ap koumanse retounen desann nan plas li (si vis la pa desere, zegwi a ap toujou rete sou nimewo 200).
8. Pandan lè a ap soti, w'ap koumanse tandè kè manman an k'ap bat nan estetoskòp la. Siveye ki kote zegwi a oswa likid mèki a ye:
 1. lè w koumanse tandè batman kè a (sa a se nimewo ki anwo a), apre sa
 2. lè w sispann tandè batman kè a (sa a se nimewo ki anba a).

Si w koumanse tandè batman kè a lè zegwi a rive sou 100, nimewo anwo a se 100. Apre sa, si w pa tandè l ankò lè zegwi a rive sou 60, nimewo anba a se 60. Lè sa a, tansyon se: 100/60.

Pran tansyon manman an chak fwa li vin nan vizit. Ekri rezilta a nan dosye manman an, oswa sou yon papye kote w ka jwenn li lè w gen bezwen l. Si tansyon li monte, mande l pou li retounen vin wè w chak semenn jouktan tansyon an sispann monte. Si li rive monte pi wo ke 140/90, sa vle di tansyon an twò wo epi sa kapab yon move siy.

13 sektanm	100/60
12 oktòb	110/62
15 novanm	94/58
10 desanm	100/66
12 janvyè	110/72

Tansyon fanm sa a fè ti monte desann chak mwa, man sa pa yon pwoblèm.

Si tansyon an rive nan 140/90 oswa pi wo

Si tansyon manman an two wo premye fwa w pran nan, fè li kouche sou kote goch li. Ede l distre li (tèt chaje ak la perèz kapab fè tansyon an monte). Apre li fin detann li pou 10 rive 30 minit, pran tansyon an ankò.

- Si tansyon an desann nan nivo nòmal li, siman tout bagay anfòm. Si gen mwayen, fè manman an tounen vin wè w nan de twa jou pou w ka pran tansyon an ankò. Mande li pou li kouche sou kote chak jou pou li pran yon ti repo.
- Si tansyon pa desann, petèt genyen yon pwoblèm. Pou w ka wè ki pwoblèm ki genyen, pran tansyon li omwen 3 fwa pandan semenn nan (oswa pandan 3 jou yonn dè lòt). Si tansyon an toujou rete wo, fè li ale lopital. Fè manman an konnen ki move siy ki genyen pou moun ki fè eklanmsi, epi chache wè si li gen siy sa yo (wè paj 125). Si fanm nan gen siy sa yo, fè li ale lopital san pèdi tan. L'ap pi bon pou li akouche nan yon lopital.
- Si nimewo anwo a pi gwo pase 160, oswa si nimewo anba a pi gwo pase 100, fè li ale lopital. Li oblije ale wè doktè. Li ka menm bezwen rete lopital la jouk li fè pitit la.

Tretman lakay pou tansyon ki yon ti jan wo (ant 140/90 ak 160/100)

Si manman an pa ka ale wè doktè, oswa si doktè a mande pou li rete repanse lakay li, men sa pou manman an fè:

- **Rete nan kabann toutotan ke w kabab.** li pi bon pou li rete kouche sou kote goch li. Si li pa ka rete nan kabann, li bezwen repanse toutotan li kapab pandan la jounen. Li ka menm repanse pou kèk minit chak 2 a 3-zè de tan. Manman an bezwen detann li, epi pou li pran repo l nan lapè. Li enpòtan anpil pou fanm nan repanse nan twa dènye mwa gwosès la.

- **Manje byen.** Ankouraje fanm nan pou li manje dives varyete legim, fwi, ak pwoteyin. Manje ki gen gwo kantite pwoteyin, kalsyòm, oswa magnesyòm kapab anpeche maladi eklanmsi. Lòt bagay ki ka fè tansyon w desann se lè li manje konkonm, bètrav, bannann, oswa ji sitwon.
- **Bwè anpil likid.** Fè manman an bwè chak jou 6 pou rive 8 vè dlo pwòp, oswa lòt likid ki bon pou la sante.
- **Evite manje ki gen anpil sèl.** Yon ti kantite sèl, pa yon pwoblèm. Sepandan, fanm ki gen tansyon wo pa dwe manje bagay ki gen anpil sèl tankou pòm detè fri sèk, nwa/pistach griye nan sèl, oswa vyann nan bwat.

Chache wè si li fè eklanmsi (anpwazonman gwosès)

Eklanmsi se yon gwo pwoblèm ki ka parèt lè fi a prèske rive lè pou li akouche, nan lè tranche, oswa kèk jou apre li fin fè pitit la. Sa ka fè li pran kriz e li ka menm mouri.

BON SIY.- Tansyon an rete nòmal.

MOVE SIY.- De pi move siy ki montre ke fi a pral fè eklanmsi se:

- Tansyon wo (140/90 oswa plis)
- Tras pwoteyin nan pipi l (wè paj 126)

Si yon fi gen tou de siy sa yo, konnen li gen tan fè eklanmsi. Se pou li ale lopital san pèdi tan.

Si tansyon fi a wo epi li gen omwen youn nan siy nou pral site la yo, konnen li gen tan fè eklanmsi – li dwe ale lopital:

- Grow tèt fè mal
- Pwoblèm nan je; li wè troub
- Yon doule sibat sou tèt lonbrit la epi ki pa janm pase. W ta di se gonfleman.

Si w remake se yon doule gonfleman, w mèt ba li remèd pou acid. Apre sa, si doule a pa pase nan 20 minit, konnen fi a an danje.

Refleks aktif. Egzaminen aktivite refleks ki nan pye yo

Fè fanm nan kouche sou do. Kenbe talon pye l nan yon men w; ak lòt men an, pouse anwo pla pye a pou ale jwenn jenou l, epi lage l (lage anwo pla pye ya, men toujou kenbe talon an nan lòt men an). Si pye a fè omwen de sakad pou retounen vin jwenn w, se yon move siy.

Yon fanm ki fè eklanmsi dwe ale lopital san pèdi tan

Yon fanm ki gen tansyon l wo ansanm ak nenpòt lòt siy eklanmsi (tras pwoteyin nan pipi, gwo tèt fè mal, je troub, doulè sou lonbrit, oswa refleks aktif) dwe ale lopital san pèdi tan.

Pandan li prale lopital la, li dwe kouche sou bò goch li. Fòk gen moun ki ale avèk li pou sizoka li ta pran kriz. Pou plis enfòmasyon sou kriz, wè paj 181.

Men lòt siy pou eklanmsi:

- Figi ak men anfle (sitou si fanm nan gen anflamasyon an lè li fèk leve le maten).
- Fanm nan pèdi pwa sibatman

Si li gen siy sa yo, kontinye egzaminen l de tanzantan.

Egzamen pou eklanmsi

1. Pran tansyon fanm nan. Tansyon wo se toujou yon move siy.
2. Si sa posib, chache wè si gen pwoteyin nan pipi l. Gen de fason w ka fè sa:

Premye metòd : Sèvi ak riban plastik espesyal w ka jwenn nan men moun sante piblik yo, oswa nan famasi. Riban sa yo vini nan boutèy. Anpil nan ti boutèy sa yo gen ekriti nan lang angle sou yo. Chache pou sa ki ekri "**Uristicks, Albusticks, oswa Labsticks**". Se ak riban sa yo w ka fè egzamen pwoteyin an. Riban yo gen plizyè ti kare an koulè jòn k'ap chanje pou vini vè fonse. Mande fanm nan pou li pipi sou ti baton an. Lè li fini, kompare koule ti kare yo ak koule ki nan eksplikasyon sou boutèy la. Si kare yo vin tounen vè fonse, sa vle di gen pwoteyin nan pipi a. Metòd sa a se pi bon mwayen pou nou fè egzamen pwoteyin.

Dezyèm metòd: Chofe pipi manman an pou ka fè egzamen pwoteyin. Mande manman an pou li lave bouboun li byen pwòp, epi fè l pipi nan yon ti bòl oswa bokal ki byen pwòp. Epi mete pipi a nan yon tib ki espesyalman pou egzamen sa a. Plen tib la rive nan 2½ santimèt (oswa 1 pous) anba bouch tib la. Chofe tèt tib la sou yon ti flanm dife, tankou yon balèn, jouktan pipi a bouyi. (Vire tib la pou tout kò li kontre ak dife a pou glas la pa eklate). Si piti a rete tou klè, pa gen pwoteyin ladan l. Si pipi a tounen vapè oswa li vini blanch, mete kèk gout vinèg ladan l (2% asid asetic). Si vapè a pase, pa gen pwoteyin nan pipi a. Si pipi fanm nan gen pwoteyin epi tansyon l wo, li gen eklanmsi. Si fanm nan gen yon eklanmsi ki grav, pipi a ap vini tankou vapè, tou blanch, oswa epè.

3. Mande manman an si li gen mal tèt, toudisman, oswa si li gen pwoblèm pou li wè nan je l. Si pwoblèm sa yo grav, oswa si yo rive souvan, yo kapab se siy eklanmsi, sitou si se nan 3 dènye mwa gwosès la.

4. Gade si li gen anflamasyon. Anflamasyon, se menm bagay ak sa yo rele gwosès dlo oswa odèm. Anflamasyon se yon bagay ki rive nan anpil fanm ansent, men le pli souvan se pa yon gwo pwoblèm. Anflamasyon pa yon pwoblèm lè se pye a ki anfle, oswa lè anflamasyon an bese apre fanm nan mete pye li anlè lè l'ap repoze. Si fanm nan gen anflamasyon, li dwe bwè anpil dlo, repoze plizyè fwa pandan jounen an ak pye li anlè.

Kisa pou w fè lè w remake move siy

Si manman gen move siy, fè li ale lopital san pèdi tan (menm si li manke kèk mwa pou li akouche). Li ta pi bon pou li ale akouche nan yon lopital. Si w oblije fè akouchman an lakay, prepare w pou w rankontre ak anpil pwoblèm. Li kote nan liv sa a ki pale de emoraji (paj 224), kriz (paj 181), ak ti moun ki fèt twò piti (paj 221).

Si yo mande manman an pou li rete repoze lakay li, ankouraje l pou li swiv rekòmandasyon ki nan paj 124 ki pale pou fanm ki rete lakay yo epi ki gen tansyon wo.

Chache pou siy enfeksyon nan vesi oswa enfeksyon nan ren

Ren, tib nan ren, vesi, ak kanal pipi konekte ansanm epi yo travay ansanm pou yo elimine fatra ki nan kò a. Premyeman, ren an netoye san an epi li fè fatra a tounen pipi. Apre sa, pipi a kite ren an pou li desann nan vesi a. Pipi a rete nan vesi a pou jous lè w'ap fè pipi.

Lè mikwòb antre nan kanal pipi a, li ka vin enfekte. Enfeksyon sa a ka rantre nan vesi a ak ren yo byen fasilman.

BON SIY.- Pa gen okenn doulè, ni gratèl, ni kanal brile (lè l'ap pipi)

MOVE SIY.-

Enfeksyon nan vesi

- Anvi pipi tout tan menm lè li fèt soti pipi
- Doulè oswa kanal brile lè w'ap pipi oswa lè wfèt fin pipi
- Doulè anba ti vant, pa dèyè basen an
- Tras pwoteyin nan pipi a

Enfeksyon nan ren

- Nenpòt siy pou enfeksyon nan vesi
- Pipi koulè san oswa koulè vapè
- Doulè nan senti, pafwa sou kote
- Lafyè
- Li san W santi w toujou byen malad epi w fèb

Gen de lè yon fanm ka gen enfeksyon nan vesi, men li pa gen okenn move siy (Gen anpil fanm ansent ki gen doulè nan zo rèl do. W ka ede yo fè mye avèk masaj, egzèsis, oswa konprès cho).

Li pi fasil pou yon fanm ansent gen enfeksyon nan kanal pipi, nan vesi, oswa nan ren – ke lè li pa ansent. Enfeksyon nan vesi ak nan ren kapab yon gwo danje pou manman; si yo pa trete sa touswit, enfeksyon sa yo ka lakòz manman an gen tranche anvan lè.

Atansyon: Grate oswa kanal brile lè fanm nan ap pipi se ka yon siy pou enfeksyon nan bouboun, oswa yon enfeksyon ki ranmase nan fè lanmou. Wè chapit 18, paj 320, pou w ka aprann plis bagay sou kouman pou w trete enfeksyon sa yo.

Kisa pou w fè si w remake siy enfeksyon nan vesi

Enkouraje manman an pou li bwè yon (1) vè dlo chak inè de tan pandan jounen an, oswa lè je li reveye. Dlo ak ji fwi se bwason ki bon pou li.

Enkouraje manman an pou li manje fwi ki gen anpil vitamin C, tankou zoranj, kiwi, ak mango. Sèvi ak remèd fèy te ki bon pou enfeksyon oswa lòt kalite pwoblèm nan tisi. Men 2 kalite fèy te nou ka bwè:

Te bab mayi – Bouyi yon bèl kantike bab mayi, epi bwè youn oswa de gode nan dlo a.

Te gimov – Rache rasin nan epi kite l pase nwit ap tranpe nan dlo frèt anvan w bwè dlo a.

Si enfeksyon an pa koumanse geri tout swit, oswa si w remake fanm nan gen enfeksyon nan ren, ba li grenn antibyotik. Plis w pran tan anvan w kòmanse trete enfeksyon an, se plis tan l'ap pran pou li geri. Si fanm nan pa fè mye 2 jou apre li kòmanse pran antibyotik la, fè li ale lopital.

Pou enfeksyon ki pa vle geri oswa pou enfeksyon nan ren

• Bay fanm malad la 500 mg amoksisilin (amoxicillin).....nan bouch 3 fwa pa jou pandan 7 jou.

Si fanm nan fè Alèji ak amoksisilin (amoxicillin),

• Ba li 960 mg kotrimoksazòl (co-trimoxazole)..... nn bouch, 2 fwa pa jou pandan 7 jou (160 mg trimethoprim ak 800 mg silfametoksazòl (sulfamethoxazole)

Men pinga nou ba li kotrimoksazòl (co-trimoxazole) la nan 3 dènye mwa gwosès la.

Evite enfeksyon nan vesi

Pou evite enfeksyon nan vesi, montre fanm nan kouman pou li evite mikròb ki soti nan tata li antre nan kanal pipi a. Apre li fin pipi oswa apre li fin tata, se pou li siye anba li soti devan ale dèyè. Fè fanm yo sonje pou yo lave men yo epi fè twalèt yo anvan yo antre nan fè lanmou. Epi tou, fanm dwe ale pipi apre yo fin fè lanmou.

Egzaminen bebe a

Mezire matris manman an

BON SIY.-

- Gwosè matris la mache ak dat manman an sipoze akouche ya
- Matris la grandi yon distans ki egal a de(2) dwèt chak mwa

MOVE SIY.-

- Sou premyè egzamen an, gwosè matris la pa mache ak dat akouchman an
- Matris la grandi plis oswa pi piti ke yon distans de (2) dwèt chak mwa

Lè w mezire matris la, sa vle di w'ap chache konnen ki kote pati anlè matris la ye. Sa ap fè w wè twa (3) bagay:

1. Depi konbyen mwa fanm nan ansent
2. Dat li sipoze akouche. Si w te ka kalkile dat akouchman an a pati de dènye dat règ manman an (wè paj 88), lè w mezire matris la, sa ka ede w wè si dat akouchman an kòrèk. Si w pat kapab kalkile dat akouchman a pati de règ li, mezire matris la ka ede w kalkile dat akouchman an. Egzamen sa a dwe fèt depi sou premye visit la.
3. Fason bebe ya grandi. Nan chak visit, mezire matris la pou wè si bebe a ap grandi jan l dwe grandi. Si l grandi twò vit oswa twò dousman, ka genyen yon problem.

Mezire matris la

Pandan bebe a ap grandi anndan matris la, wa p santi matris la ap gwosi nan vant manman an. Pati anlè matris la deplase prèske lajè de (2) dwèt - yon ti kras pi wo chak mwa. Sou twa (3) mwa, pati anlè matris la rive sou tèt zo basen manman an (kote cheve ki sou basen l koumanse ya). Sou senk (5) mwa, pati anlè matris la rive jouk sou lonbrit manman an. Sou 8½ mwa a nèf (9), pati anlè matris la prèt pou l rive nan zo pòtray manman an. Sa ka rive ke bebe a desann pi ba kèk semenn anvan akouchman an.

Pou w ka mezire matris la, fè manman an kouche sou do epi mete sipò anba tèt li avèk anba jenou l. W dwe manyen matris la avèk fòs, men byen janti.

Dwèt w se youn nan bagay w ka itilize pou mezire matris la

1. Si pati anlè matris la ta bò anba lonbrit la, mezire konbyen dwèt ki anba lonbrit la. Si pati anlè matris la sou bò anwo lonbrit la, mezire konbyen dwèt ki anlè lonbrit la.

Answit, avèk kantite dwèt ki sou desen sa a (chak liy gen lajè de (2) dwèt) fè yon konparezon pou wè konbyen mwa fanm nan genyen depi l ansent.

2. Fè yon desen oswa sèvi ak chif pou montre repons ou jwenn nan.

Pou w fè yon desen: fè yon wonn pou reprezante vant manman an; yon pwen pou lonbrit li, epi yon koub pou pati anlè matris li. Apre sa, fè desen kantite dwèt anlè matris la ki an wo oswa anba lonbrit la.

Lè w sèvi ak chif: ekri kantite dwèt w itilize pou mezire matris la. Mete yon siy plis (+) devan chif sa a si pati anlè matris la ta sou lonbrit la. Mete yon siy mwens (-) devan chif sa a si pati anlè matris la ta anba lonbrit la.

3. Kalkile pou wè ki dat akouchman an. Pa egzanzp, si lè w mezire kòl matris la w remake fanm nan gen 7 mwa ansent, w met espere pitit la pral fèt nan 2 mwa. Si w te deja jwenn ki dat l'ap akouche dapre dat dènye fwa li te gen period li, gade pou wè si 2 dat yo tonbe daplon. Si de dat yo pa menm, li paj 133.

Mezire avèk yon santimèt

W ka sèvi ak metòd sa a lè matris la monte jouk nan wotè lonbrit manman an.

1. Mete yon santimèt sou vant manman an. Kenbe pwent santimèt la (nimewo **0 a**) jouk anba sou tèt zo kote pwèl yo ye a. Fè santimèt la pase sou boul vant la jouk pou rive nan tèt anwo vant la.

***Pou w jwenn tèt vant la,
pran mezi 4 dwèt w soti nan lonbrit la.
Kote dènye dwèt la rive a,
se kote vant la ta dwe ye apre 7 mwa gwosès.***

2. Ekri sou papye konbyen santimèt w jwenn soti sou zo anba a pou rive nan tèt vant la.
3. Gen anpil doktè, enfimyè ak fanmsaj ki pito konte gwosès la pa semenn olye de pa mwa. Lè y'ap konte li pa semenn, yo koumanse konte apati de premye jou fanm nan te gen dènye peryòd li, menm si fanm nan te ansent 2 semenn apre sa.
4. Lè w konte pa semenn, pi fò nan medam yo vin pote gwosè la pou 40 semenn antou. Nan 4 dènye mwa gwosès la, gwosè vant fanm nan pa santimèt se menm kantite semenn li genyen an. Sa vle di, si li gen 24 semenn depi li te gen règ li, vant la ap mezire 22 a 26 santimèt. Vant la ta dwe pran 1 santimèt an plis chak semenn, oswa 4 santimèt chak mwa.

Si vant la pa nan gwosè kote l ta dwe ye

Si w pran mezi a jan w dwe prann nan, men w remake vant la pa nan gwosè kote li ta dwe ye a, gen 3 bagay ki ka fè sa:

- Petèt dat akouchman w te kalkile a (a pati dat dènye règ la) pat bon.
- Petèt vant la grandi twò vit.
- Petèt vant la grandi twò dousman

Si Dat akouchman w kalkile a pati de dènye dat règ la pa bon

Gen plizyè bagay ki ka fè dat w jwenn pou akouchman an – a pati de dat dènye règ la – pa bon. Gen de lè medam yo pa byen sonje ki dènye fwa règ la te vini. Gen de lè tou yon fanm gen dwa pat gen règ li, men li pat san li pat ko ansent pou sa; men li vini ansent apre sa. Pliske fanm nan pat ansent depi tout tan w te kwè a, se nòmal ke vant li pi piti ke sa w te atann nan.

- Nan ka sa a fanm nan pa gen tout tan sa a ansent, se pou tèt sa vant li pi piti ke sa w t'ap tann nan. Konsa tou, gen de fanm ki konn gen yon ti emoraji lè yo vin ansent. Si w te konfonn emoraji a pou règ nòmal li, sa vle di li gen 1 oswa 2 mwa gwosès an plis ke sa w te panse a. Konsa, vant la ap pi gwo ke sa w t'ap atann nan.

Si dat w prevwa pou akouchman an pa mache ak gwosè vant la, ekri sa sou papyè. Tann pou w mezire vant la ankò nan 2 oswa 4 semenn. Lè sa a, si vant la mezire 2 dwèt oswa 1 santimèt pa mwa, dat w prevwa pou akouchman an lè w te mezire tèt vant la byen kòrèk. Petèt se dat w te jwenn dapre lè li te gen dènye règ li a ki pa kòrèk.

Sonje: Dat yo prevwa pou akouchman pa toujou tombe egzat. Anpil fwa, gen fanm ki fè pitit la 2 oswa 3 semenn avan osinon apre dat ke yo prevwa a. Pa gen danje nan sa.

Vant la ap grandi twò vit

Si vant la ap laji plis ke 2 dwèt oswa plis ke yon (1) santimèt nan yon semenn, gen plizyè bagay ki ka fè sa:

- Petèt manman an pral fè yon pòte marasa. Li paj 143 pou w ka wè ki jan pou w fè konnen si gen marasa nan vant manman an.
- Manman an ka fè dyabèt (li pa 115)
- Manman an ka gen twòp dlo nan matris li.
- Manman an ka gen timè, men li pa ansent.

Twòp dlo nan matris

Twòp dlo se pa yon pwoblèm, men sa ka fè matris la vin detire twòp. Lè sa a matris la pap ka fè gwo mouvman li ta dwe fè pou pouse pitit la deyò, oswa pou ede san an rete apre akouchman an. Gen kèk ka ki trè ra kote pitit la ka fèt domaje. Pou w ka wè si manman an gen twòp dlo, tcheke vant li ak men w nan fason nou pral montre w la a:

Mande yon lòt moun pou ede w. Fè moun nan mete yon pla men l sou mitan vant manman an. W menm, mete youn nan men w yo sou kote vant manman an. Mete lòt men pa w la sou lòt bò vant manman an.

Si gen twòp dlo nan vant la, w'ap santi mouvman kap fèt tankou vag dlo - soti nan yon bò pou ale nan lòt bò vant la (lòt men moun kap ede w la anpeche vag yo travèse andedan po manman an). Si gen twòp dlo nan vant la, fè manman an ale lopital. Li ta pi bon pou li ale akouche nan lopital.

Timè

Gen de lè yon fanm ka ansent, men se yon timè ke li genyen olye de yon pitit. Men ki lòt siy ki montre ke se yon timè ke li genyen: w paka tande kè timoun nan ap bat, w pa santi gen yon ti moun andedan l, manman an anvè vomè tout tan, manman an ap jete san (pafwa san an tankou grenn rezen). Si w remake manman an gen timè, fè li ale lopital san pèdi tan. Timè a ka tounen yon kansè pou touye manman rapid rapid. Doktè ka reteri timè a epi sove lavi manman an.

Vant la ap gwosi twò dousman

Men ki pwoblèm ki ka fè vant la gwosi twò dousman:

- Tansyon manman an ka wo (li paj 124). Tansyon wo ka anpeche pitit la jwenn manje li bezwen pou li grandi byen. Si w pa gen aparèy pou w tcheke tansyon li, fè li ale ka doktè.
- Petèt manman an pa manje byen. Chache konnen ki kalite manje manman jwenn pou li manje, chache wè kouman w ka ede l jwenn lasistans pou li ak ti bebe a. Lè manman ak ti timoun gen bon sante, tout kominote a viv pi janm.
- Petèt manman an pa gen ase dlo nan matris li. Gen de lè, se pa yon pwoblèm menm si li pa gen ase dlo. Men gen de lè tou, si l pa gen ase dlo, sa vle di pitit la pa nòmal, oswa li pral gen pwoblèm nan akouchman. Si w kwè manman an pa gen ase dlo, fè li ale wè doktè.
- Petèt manman an nan bwè tafya, fimèn, oswa li nan dwòg. Sa yo se bagay ki ka fè yon timoun rete tou piti.
- Petèt timoun nan gen tan mouri nan vant manman an. Piske timoun mouri pa grandi, alò vant la pa pran gwosè. Si manman an gen omwens 5 mwa ansent, mande li si nan jou ki sot pase yo, li te santi pitit la ap fè mouvman. Si pitit la gen 2 jou depi li pa souke kò l, genyen yon pwoblèm.

Si manman an gen omwens 7 mwa ansent, oswa si w te tande batman kè pitit la nan vizit anvan yo, chache tande batman kè a ankò. Si w paka tande l, fè manman an ale ka doktè. Gen lopital ak sant desante ki gen aparèy pou wè si pitit la toujou vivan.

Si pitit la mouri, li enpòtan pou manman an akouche tout swit. Li ka akouche lakay, men gen chans pou li senyen anpil, epi li gen plis chans pou li fè enfeksyon. Si li pa koumanse gen tranche nan 2 semenn, fè li ale lopital kote yo ka ba l medikamen ki pou fè l gen tranche.

Atansyon: Lè yon manman pèdi yon pitit, li bezwen lanmou, laswenyay, ak bon konprann. Pa kite l akouche pou kont li. Si li ap akouche lopital, yon moun dwe rete avèk li lè l'ap akouche a.

Jwenn pozisyon pitit la

Bon Siy.-

- Genyen yon sèl pitit nan matris manman an
- Tèt pitit la chavire anba nan lè akouchman an

MOVE SIY.-

- Bebe a nan pozisyon chita nan lè akouchman an
- Bebe ya rete nan pozisyon sou kote nan lè akouchman an
- Manman an ap pote marasa

Gen 2 mwayen ki ka ede w wè pozisyon bebe ya: manyen vant manman an, epi koute ki kote kè pitit la ap bat pi fò. Tou de mwayen sa yo enpòtan pou ede jwenn pozisyon bebe a.

Manyen vant manman'an

Li ka difisil pou w jwenn pozisyon bebe a anvan sizyèm oswa setyèm mwa gwosès la. Antouka, eseye kan menm. Sa w santi a ka pa di anyen pou kounye a, men li ka vle di anpil bagay pou pwochenn fwa w manyen vant la , lè w'ap chache pozisyon bebe a. L'ap pi fasil pou w jwenn pozisyon bebe a sou de (2) dènye mwa gwosès la. Pi plis w chache pratike pozisyon yon bebe, sa ap fè w gen on pi bon konesans nan sa.

Pou koumanse, ede manman an kouche sou do epi mete sipò anba jenou l ak tèt li. W dwe asire w ke li konfòtab. Epi, manyen vant manman an pandan w'ap chache konnen twa (3) bagay :

- Si bebe a nan pozisyon vètikal (anba moute oswa anwo desann) ?
- Si bebe a bay fas devan ou dèyè ?
- Si tèt bebe a anba oswa si dèyè anba ?

Eske bebe a nan pozisyon vètikal?

Pifò ti bebe rete nan pozisyon vètikal lè yo rive sou setyèm mwa.

Pou w ka konnen si bebe ya nan pozisyon vètikal, mete pla men w sou chak bò vant manman an. Peze l byen janti, men byen fèm avèk yon men premyèman, answit avèk lòt men an.

Avèk anpil prekasyon, verifye fòm vant la. Eske pwent bebe a ta sanble li sou kote vant manman an? Si li la sa vle di ke bebe a kouche sou kote. Anpil bebe kouche sou kote nan premye mwa yo, men pifò bebe sa yo chavire tèt anba sou wityèm (8èm) mwa, oswa apre. Natirèlman, bebe ki rete kouche sou kote pa ka pase nan bouboun manman an lè y'ap fèt. Lè yon bebe kouche sou kote epi li pa ka vire tèt anba lè manman l gen tranche, manman sa a dwe fè yon sezaryèn nan yon lopital (wè paj 96). Si apre wityèm (8èm) mwa a bebe a toujou kouche sou kote, fè manman an wè doktè.

Li ka difisil pou w jwenn pozisyon yon bebe si mis vant manman an di anpil; oswa si l gen anpil vyann nan vant li. Si li difisil pou w jwenn pozisyon an, mande manman an pou l respire byen fon, epi kite lè ya soti tou dousman. Fason sa a ap pèmèt kò li byen lage epi sa ap ede w jwenn pozisyon bebe a.

Eske bebe a bay fas devan oswa dèyè?

Lòt bagay w ka fè, se manyen vant manman an epi chache kote ou santi do bebe a ye; chache pou kote ki genyen yon fòm laj epi ki byen di. Si w pa ka jwenn do a, chache jwenn ti zo ki nan do l, ki tankou ti moso blòk lè w manyen yo.

Si fòm ou jwenn nan sanble li byen laj epi li fèm, petèt vle di ke bebe a bay fas li pa dèyè!

Si w santi anpil ti moso blòk, olye de fòm laj la, li ka se ponyèt li ak janm li. Petèt bebe a bay fas pa devan.

Si fas li ap gade devan, wè paj 190.

Eske tèt bebe sou anba oswa se dèyè l ki sou anba ?

Nan dènye mwa anvan akouchman an, anpil bebe kouche avèk tèt yo bò kote kòl matris la. Sa vle di, tèt bebe a chavire anba. Pozisyon tèt anba a pi fasil pou akouche.

Si tèt yon bebe anlè, epi dèyè l bò kote pasay la, sa vle di ke bebe ya nan pozisyon chita.

Sou setyèm (7èm) oswa uityèm(8èm) mwa a, tèt bebe a òdinèman chavire anba nan basen manman an. Men kijan pou w ka santi tèt bebe ya :

1. Chache zo basen manman an avèk dwèt w. W ka santi l anba po a, oswa jouk anba plim ki nan basen manman an. Mande manman an pou l respire byen fò, epi kite lè a soti dousman. Pandan lè a ap soti, mete yon men anlè sou zo basen an e peze l byen fon. Fè sa byen janti. Si manman an ta santi doulè, kite sa.

Si w santi yon ti bagay won byen di, epi si w ka deplase l ale vini, se petèt do bebe a, osinon sou kote tèt li.

Si w pa santi anyen anba vant manman an, bebe ya ka kouche sou kote.

Si sa w manyen an pa twò won, se petèt figi bebe ya ou byen dèyè l. Gen de lè, dèyè bebe a sou anwo, men tèt li pa chavire dwat anba.

Tèt la ka koube sou kote tou, oswa manton l ka anlè. Tout sa yo se siy ki fè w wè ke lè akouchman, bebe a pap ka rete byen nan basen manman an).

2. Si pati anba bebe a pa twò fon nan basen manman an, eseye deplase pati sa a sou lòt bò a .

Si lè w deplase pati anba bebe a, sa pèmèt tout do li deplase tou, sa vle di ke bebe a pa chavire tèt anba. Si do l pa deplase, sa vle di tèt bebe a chavire anba.

3. Kounye a, mete yon men anlè sou matris manman an. Eske w santi l tou won, epi èske li di, tankou yon tèt? Osinon, eske li sanble ak dèyè bebe ya, dol oswa janm yo? Si pati anlè matris la ta pi sanble ak yon tèt, sitou si l pa sanble ak sa w ta dwe santi nan pati anba vant manman an, sa vle di ke bebe a ka nan pozisyon chita.
4. Mete yon men sou do bebe a. Epi avèk lòt men an pouse pwent anlè bebe a sou kote byen lejè.

Si tout do l rive deplase lè w deplase pwent anlè ya, petèt bebe a nan pozisyon tèt anba.

Si do bebe a rete kote li ye a lè w deplase pati anlè li, li ka posib pou deplase tèt li (paske kou l ka koube, epi sa lakòz do l rete an plas). Si w deplase tèt li, sa vle di tèt bebe ya pa chavire anba.

Paj 142 bay plis enfòmasyon sou bebe ki nan pozisyon chita pandan gwosès. Si bebe a pa chavire tèt anba nan moman akouchman an, ale nan paj 215.

Pandan ke w'ap manyen vant manman an, eseye panse ak tout kantite pozisyon ki egziste. Panse ak ki kote men ak janm yo ka ye. Panse ak kijan manman an ka santi chak pozisyon sa yo lè bebe a ap voye pye.

Answit, mande manman an ki kote li santi pi gwo kout pye yo ye, epi ki kote li pa santi twòp mouvman. W panse ke janm yo ak men yo ka la a? Si w pa panse sa w ka pa byen chache pozisyon bebe ya kòrèkteman.

Lè ou verifye pozisyon bebe ya, ou ka santi w'ap manyen de (2) tèt ou byen de (2) dèyè. Enben, manman an ka byen ap pote marasa. Wè paj 143.

Koute batman kè bebe ya

Batman kè bebe ya bay enfòmasyon sou pozisyon l anndan vant manman an epi sou sante bebe ya tou. Sou senk (5) mwa, w ka koumanse koute batman kè bebe a.

Sou de (2) dènye mwa yo, w ka toujou tandè batman kè bebe a lè w mete zòrèy w bò kote vant manman an, si w nan yon chanm ki pa gen bri. Li ka pi fasil pou w tandè batman kè a lè w sèvi ak aparèy yo rele estetoskòp la ki fèt pou kontwòle kijan kè bebe ya fonksyone. W ka fè pwòp estetoskòp pa w ak nenpòt bwa epi lajil, oswa ak yon bwa bambou (wè paj 445). Oswa w ka achete aparèy estetoskòp la. .

Batman kè bebe a tou piti epi li rapid anpil. Bri kè ya tankou yon mont kap fè tik-tak anba yon zòrye, men li ale pi vit ke mont la. Kè bebe a bat prèske de (2) fwa pi vit ke batman kè yon jèn moun ki an bòn sante - òdinèman kè bebe a bat 120 a 160 fwa nan yon (1) minit.

Atansyon: si w tandè yon son kap soufle (oswa ka'p fè ch-ch-ch), li ka se bri poul bebe a nan kòd lonbrit la. Bri kòd la fè w konnen kouman ak ki vitès kè bebe a ap bat , men kòd la pa ede w jwenn pozisyon bebe a.

Si kè a bat dousman, se petèt batman kè manman an w'ap tandè, men se pa poul pa bebe a. Eseye koute son nan yon lòt pozisyon sou vant la.

Chache batman kè bebe a

Remake nan ki pozisyon bebe a ta sanble l kouche. Epi, koumanse koute batman kè ya bò kote ou panse li ye a. Li ka nesèsè pou w koute batman kè a nan plizyè lòt pozisyon jouktan w jwenn plas kote l'ap bat pi fò epi pi klè.

Jwenn pozisyon bebe a pandan w'ap koute batman kè l

Eske kè a bat pi fò anwo oswa anba lonbrit manman an ?

Si w tande kè a ap bat pi fò anba lonbrit manman an, sa vle di ke tèt bebe a ka anba.

Si w tande kè a ap bat pi fò anwo lonbrit manman an, sa vle di bebe a nan pozisyon chita.

Kèk fwa, lè bebe a bay fas sou devan, li pi difisil pou w santi batman kè a paske ponyèt bebe a ak janm li bare chimen an. Mete aparèy la sou koute vant manman an oswa dirèkteman nan mitan vant li pou w ka tande batman kè a.

Si l posib, make kote w tande batman kè bebe ya avèk yon ti kwa.

Verifye ak ki vitès kè bebe a ap bat

BON SIY.- Kè bebe a bat 120 a 160 fwa pandan yon minit

MOVE SIY.- Si kè yon bebe bat pi ba ke 120, oswa pi vit ke 160 fwa nan yon minit, bebe sa a ka gen ti pwoblèm. Si kè a bat pi ba ke 100 oswa vit ke 180, bebe sa a bezwen swen medikal.

Swiv enstriksyon sa yo pou w tcheke vitès batman kè bebe a :

1. Sèvi avèk yon mont oswa yon revèy, men m jan ou fè pou kontwole batman kè manman an (we paj 120). Si w pa genyen yon mont oswa yon revèy, konpare batman kè bebe a avèk batman kè pa w lè w' ap repoze. (Oswa, kontwole tan an a pati de materyèl ki nan kay la, wè paj 443). Kè bebe a dwe bat prèske de (2) fwa pi vit ke batman kè pa w.
2. Konte konbyen fwa kè a bat nan yon (1) minit. Si li difisil pou w gade nan mont la pandan w'ap konte batman kè a, fè yon moun kontwole lè pou w koumanse ak lè pou w fin konte.

Si kè bebe a ta sanble bat twò lan, kontwole batman kè manman an nan ponyèt li pandan w'ap koute. Si batman kè manman an ak lòt batman kè w tandè ya se menm bagay, se batman kè manman an sa ye.

3. Ekri sou papye tout enfòmasyon sou kote w te jwenn batman kè ya, epi avèk ki rapidite li bat.

Si batman kè bebe a pi wo ke 160, fè yon ti tann epi kontwole l ankò. Gen de lè kè bebe a bat pi vit lè l'ap fè mouvman. Si batman kè a rete pi wo ke 160 (sitou si li ta 180 ou plis) manman an ka genyen enfeksyon. Verifye si poul li bat vit oswa si l gen lafyèv. Si se ta sa, wè paj 179.

Si kè bebe a bat twò dousman, bebe a ka an danje. Si kè a bat ant 100 e 120 fwa nan yon minit, eseye deplase bebe ya on ti kras deyò. Petèt ke bebe a ap dòmi. gade si kè a bat pi vit lè bebe a pap dòmi.

Si kè a bat pi ba ke 100 fwa nan yon minit, fè manman an ale ka doktè, bebe a an danje! Fanm nan dwe ale nan yon lopital kote li ka fè yon sezaryèn pou l ka fè pitit la pi bonè.

Atansyon: Lè kè bebe a pa bat twò fò, sa pa vle di ke bebe a fèb. Sèlman sa vle di ke pwatrin bebe a oswa do l lwen zòrèy w, oswa li yon jan difisil pou son an soti deyò vant manman an. Pa egzanp, si kò manman gra anpil. Pou vant li vin epè.

Kisa pou w fè lè w jwenn move siy

Bebe ya nan pozisyon chita

Anpil fwa, bebe ki nan pozisyon chita fèt san pwoblèm. Sitou si manman an gen lòt pitit li te akouche byen fasil. Men, bebe ki nan pozisyon chita ka on jan pi fon oswa yo ka gen lòt problem konplike (wè paj 215).

Li ka posib pou w vire bebe ya. Eseye metòd sa yo:

- Leve ranch manman an. Mouvman sa a pèmèt bebe a soti nan basen manman an, kote li ka vire epi mete tèt li anba. Pandan manman an kouche sou do, mete yon bagay mou (tankou yon zòrye) anba ranch li pou kenx (15) minit, twa (3) fwa chak jou. Li pi bon pou sa fèt lè bebe a ap fè anpil mouvman.

Aprè manman an fin kouche konsa pandan kenx (15) minit, li dwe mache pou yon senx (5) minit. Si li ta santi bebe a vire, li pa sipoze leve ranch li konsa ankò jouktan w chache pou wè si bebe a toujou nan pozisyon chita.

- Mande manman an pou l apiye sou jenou l epi depoze tèt li atè ya. Sa se yon lòt mwayen pou deplase bebe a nan basen manman l pou l ka vire.
- Eseye pale ak bebe ya, mete yon limyè byen klere, oswa mete mizik byen swa sou vant manman an, bò kote zo basen an. Bebe ya ka vire pou l ka pi kole avèk limyè ya oswa avèk son mizik la.
- W ka gen remèd fèy nan zòn nan ki ka ede w.

ATANSYON! Sèlman fè masaj ki ka ede pou vire bebe a si yon moun te montre w kijan pou w fè l, oswa si w ka jwenn asistans medikal.

Gen anpil danje lè w'ap pouse sou matris la pou w eseye vire bebe ya (wè paj 369)

Pa janm vire yon bebe si manman an gen tan kase lezo oswa si li ta ap bay san, si tansyon l wo, si l te fè yon operasyon nan matris oswa si l te fè sezaryèn.

Si tèt bebe a pa chavire anba lè manman an koumanse gen tranche, l'ap pi bon pou manman an ta akouche nan yon sant medikal oswa nan lopital. Doktè yo ka itilize zouti ke yo rele **fòsèp** la pou rale bebe a si zanka bebe a ta kole. Oswa yo ka fè manman an sezaryèn.

Si yon bebe ki nan pozisyon chita pral akouche lakay, prezans yon fanm saj ki gen bon jan konesans trè enpòtan. (wè paj 215 sou kouman pou akouchman yon bebe ki nan pozisyon chita)

Sonje gen lè akouchman sa a gen plis danje. Pa eseye akouche yon bebe ki nan pozisyon sa a lakay si:

- Se premye pitit manman an
- Manman an te gen akouchman anvan sa ki te difisil epi ki te dire lontan
- Bebe a gwo anpil
- Manman an fèb oswa malad, epi li pa ka pouse
- Fanmsaj la pa gen twòp konesans, oswa l ta manke eksperyans avèk jan de akouchman sa a

Pozisyon kwochi oswa sou kote

Si bebe a rete sou kote - ki vle di tèt li pa ni anba ni anlè- sou uityèm (8°) mwa a, ou ka eseye leve ranch manman an. Si bebe a pa vire, manman an dwe pran dispozisyon pou l fè sezaryèn nan yon lopital.

Basen manman an vin n twò piti pou bebe ki rete nan pozisyon sou kote. Si w eseye fè yon akouchman konsa san operasyon, matris manman an ap kreve pandan ke li gen tranche, epi ni li ni bebe a ap mouri si yo pa jwenn bon swen medikal.

Si bebe ya tounen tèt anba nenpòt lè - menm nan jou ki rive pou l fèt la – manman an ka toujou akouche lakay. Men sonje ke lè w'ap eseye vire yon bebe ki kouche sou kote, sa gen anpil danje menm jan ak lè w'ap eseye vire yon bebe ki nan pozisyon chita (wè paj 369).

Marasa

Li ka difisil pou w konnen si se marasa ki nan vant manman an lè l ansent. Men siy ki ka fè w konnen si se marasa:

- Matris la gwosi pi vit epi li pi laj ke l pa ta sipoze
- W ka santi gen de (2) tèt ak de (2) dèyè lè w manyen vant manman an
- Ou ka santi de (2) batman kè. Sa a pa twò fasil, men li ka posib nan dènye mwa yo

Men de (2) jan pou w eseye tande batman kè marasa:

1. Chache batman kè pou yon bebe. Fè yon lòt moun chache yon lòt kote pou wè si li ka tande yon lòt batman kè byen fasil. Si l tande l ap bat, fè li koute nan yon plas pandan ke w'ap tande nan lot plas la.

Nou chak ka jwe ak men nou kadans kè a ap bat la. Si kadans yo menm, se petèt batman kè men m bebe ya. si kadans la pa menm, se petèt de (2) bebe diferan ke w'ap tande.

2. Si w pa gen yon lòt moun, men w ta gen yon mont, eseye kontwole chak batman kè separeman. Si batman kè yo pa menm, w ka ap tande de (2) bebe diferan.

Si w panse se ta marasa, menm si w tande yon sèl batman kè, fè manman an ale ka doktè. Swa nan yon sant medikal oswa nan yon lopital, yo va sèvi ak aparèy (wè paj 434) ki ka pèmèt yo wè konbyen bebe ki anndan vant manman an.

Pou evite danje, li pi bon epi li pi nesèsè pou yon moun kap pote marasa ta akouchman nan yon sant medikal. Akouchman marasa souvan pi difisil ke akouchman yon sèl bebe. Epi, akouchman marasa anpil fwa vini pi bonè. Apre sis (6) mwa, manman an oblije gen yon mwayen transpò ki ka menmen l lopital a nenpòt ki lè. Si lopital la osinon sant medikal la ta lwen, manman an ka bezwen rete pi pre lopital la nan dènye mwa gwosès la. Konnen kouman w' ap fè jwenn kout men pou li si li ta gen yon ka dijans (wè paj 106).

Si bebe ya ta oblije fèt lakay, de (2) fanm saj ki gen bon jan konesans dwe la pou fè akouchman an. Siveye si manman an pa gen tranche twò bonè. Wè paj 219 pou plis enfòmasyon sou akouchman marasa.

Aprè w fin fè egzamen an

Pran randevou pou li tounen vin nan yon lòt vizit

Aprè ou fin fè konsiltasyon pou bebe ya ak manman l, chache konnen si fanm nan pa gen lòt kesyon oswa si l bezwen pale de yon lòt bagay. Si ta gen siy ki fè l enkyete, ba li bon jan eksplikasyon sou siy sa yo epi ba li enfòmasyon sou tout sa li dwe fè pou l pran swen tèt li. Si li bezwen swen medikal, w dwe asire w ke li konnen ki kote pou l ale epi ki lè. Anvan ou kite l ale, fè l konnen kilè epi ki kote pou l tounen pou pwochenn vizit li.

Sou paj ki vin apre ya, genyen yon kat w ka itilize pou kenbe tout ransèyman sou vizit ke li te genyen anvan akouchman. Si w kapab, kopye kat sa a epi ranpli l pou chak fanm ke ou ede. Kat sa a ap ede w konprann tout chanjman ki te fèt lakay fanm nan pandan gwosès la. Epitou, li fè w sonje tout siy ki te avèti l de yon bagay kèlkonk.

Sèvi ak kat sa a, oswa fè pa w l'ap pou w ka anrejistre tout bagay ki ta enpòtan pou w sonje.